

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Nulis mangrupa hiji prosés anu kréatif, sabab kagiatan nulis mangrupa kagiatan mikir pikeun ngébréhkeun gagasan sacara sistematis naon anu ditingali, didéngé, jeung dibaca, anu satuluyna jadi hiji tulisan nu bisa dipikaharti ku nu maca. Tarigan (2008, kc. 1), nétélakeun yén nulis bisa dipibanda jeung dicangkem ku jalan prakték jeung latihan. Ngaliwatan prosés nulis, kamampuh siswa dina pangajaran nulis bisa dimekarkeun daya kréativitas sarta diperedih pikeun ngawanikeun dirina dina ngaéksprésikeun idé atawa gagasan nu aya dina pikiranana.

Dina nulis aya nu disebut kamampuh nulis sastra. Kamampuh nulis sastra mangrupa kamampuh ngagunakeun basa anu éndah pikeun ngawadahan eusi tulisan (Semi dina Jaya, Syahrul, Ermanto, 2013, kc. 87). Wangun sastra Sunda aya tilu rupa nya éta prosa, puisi, jeung drama. Dongéng mangrupa salah sahiji warna sastra heubeul dina wangun prosa. Dongéng mangrupa hiji carita rékaan anu biasana miboga sipat ngahibur jeung ngandung ajén atikan. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 25), dongéng mangrupa carita rékaan nu teu dipikanyaho saha nu ngarangna, sabab wanda karangan dongéng nya éta sacara lisan. Hartina sumber jeung media basana ngaliwatan lisan, tatalépa, tuturan ti generasi ka generasi.

Kajadian carita dina dongéng sakapeung karasa pamohalan, boh palakuna, jalan caritana, latarna sakapeung hésé ditarima ku akal. Nilik eusina, aya wanda dongéng anu aya patalina jeung asal-muasal kajadian hiji tempat, ngaran gunung, sasatoan, jeung walungan anu disebut dongéng sasakala (Koswara, 2013, kc. 89).

Dina kagiatan maham eusi nu aya dina dongéng salah sahijina ku nyusun peta konsép. Peta konsép ngagambarkeun hubungan antar konsép-konsép anu dibahas dina matéri ajar, dimana konsép disebutkeun dina wangun istilah atawa labél konsép. Yamin (2004, kc. 119), nyebutkeun yén peta konsép nyaéta hubungan-hubungan anu miboga ma'na antar konsép-konsép dina wangun proposisi- proposisi. Proposisi mangrupa dua atawa leuwih konsép-konsép anu dihubungkeun ku kecap-kecap dina hiji unit semantik.

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Dumasar “Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTs”, yén pangajaran matéri poko dongéng diajarkeun di kelas VII SMP Negeri 1 Bandung dina semester kadua. Ieu

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

hal, katitén dina Kompetensi Dasar kaopat ngeunaan keterampilan ieu di handap.

Menyusun peta pikiran/konsep dongeng sasakala yang telah dimaknanya sesuai dengan fungsi sosial, struktur teks dan kebahasaan.

Dumasar Kompetensi Dasar di luhur, tujuan pangajaran nu hayang di hontal nyaéta nyusun peta konsép dongéng sasakala luyu jeung fungsi sosial (ajén-ajén positif nu aya dina dongéng), struktur teks bagian bubuka, eusi, jeung panutup), jeung kabasaanna (éjaan, tanda baca, jeung tulisan anu hadé) (Disdik Jabar, 2017, kc. 24).

Kamampuh siswa dina matéri nyusun peta konsép dongéng sasakala dina kanyataanana, masih loba anu can maham. Data panalungtikan siswa dina nyusun peta konsép dongéng sasakala ngébréhkeun yén siswa hésé dina nangtukeun kecap panyambung pikeun ngahubungkeun dua konsép jeung hésé dina ngaruntuykeun konsép ti nu umum ka nu husus. Éta hal lantaran, siswa can maham ngeunaan komponén-komponén anu aya dina peta konsép. Salian éta hal, kurangna pamahaman siswa kana matéri nyusun peta konsép dongéng sasakala ngabalukarkuen siswa horéam jeung teu boga motivasi kana diajar nyusun peta konsép dongéng sasakala.

Atikan nyaéta hiji prosés nu ngajadikeun siswa meunangkeun pangaweruh jeung pamahaman anu luyu jeung udaganna. Prosés atikan di sakola mibanda kalungguhan anu penting pikeun mekarkeun kamampuh jeung kaparigelan siswa. Ku kituna, dina ngaronjatkeun kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala, prosés komunikasi antara guru jeung siswa kudu lumangsung harmonis. Métode pangajaran anu dilarapkeun ku sabagéan guru, biasana ngagunakeun métode pangajaran konvensional, anu leuwih pokus kana guru ngajelaskeun ka siswa tanpa aya interaksi jeung siswa. Balukarna, kagiatan pangajaran jadi kurang éféktif, sarta siswa kurang reuseup kana diajar. Éta bangbaluh nu aya, bisa ditarékahan ku cara ngagunakeun modél pangajaran. Modél pangajaran anu dipilih nya éta modél pangajaran anu dipiharep bisa ngungkulan pasualan kurangna kamampuh siswa dina nyusun peta konsép dongéng sasakala.

Serly Setiabudi, 2018

***MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Afandi, Chamalah, & Wardani (2013, kc. 16), miboga pamadegan yén modél pangajaran nyaéta prosedur atawa pola sistematis anu digunakeun minangka pedoman pikeun ngahontal udagan pangajaran di antarana aya strategi, téhnik, métode, bahan, media sarta pakakas ngajén pangajaran.

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Istilah modél pangajaran miboga ma'na anu leuwih lega tibatan stratégi, métode, atawa prosedur. Modél pangajaran miboga opat ciri husus anu teu dipimilik ku stratégi, modél, atawa prosedur. Éta ciri-ciri di antarana: 1) rasional téorétik logis anu diajukeun ku nu nyiptakeun atawa nu mekarkeun; 2) landasan pamikiran ngeunaan naon jeung ku maha siswa diajar (udagan pangajaran nu rék dihontal); 3) paripolah ngajar diperlukeun pikeun nyukséskeun éta modél pangajaran; 4) lingkungan diajar diperlukeun pikeun udagan pangajaran bisa kahontal (Kardi & Nur dina Shoimin, 2014, kc. 24).

Aya sababaraha modél pangajaran nu bisa ngaronjatkeun kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala, salah sahijina nya éta modél *Think-Talk-Write*. Modél *Think-Talk-Write* diwanohkeun ku Huinker jeung Laughlin anu diwangun ngaliwatan mikir, nyarita, jeung nulis. *Think-Talk-Write* nyaéta modél pangajaran anu bisa ngamekarkeun pamahaman jeung komunikasi siswa sarta salasahiji modél pangajaran kooperatif anu bisa ngahudang siswa sangkan leuwih aktif dina ngakonstruk atawa ngawangun pamahaman sacara mandiri. Alur modél *Think-Talk-Write* dimimitian ku prosés mikir nu aya di diri siswa sabada maca ngeunaan hiji pasualan, satuluyna nyarita jeung ngébréhkeun idé atawa gagasanna ka babaturanana tuluy nulis hasil diskusina. Ieu modél leuwih éféktif lamun dilakukeun dina kolompok hétérogén antara 3-5 siswa. Dina ieu kelompok sakabéh siswa dititah maca, nyieun catetan, ngajelaskeun, ngaregepkeun, sarta ngabagi idé jeung babaturanna, tuluy ngébréhkeun ngaliwatan wangun tulisan (Yamin & Ansari 2012, kc. 84).

Panalungtikan modél *Think-Talk-Write* geus dilaksanakeun, nya éta: 1) “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* dina Pangajaran Nulis Laporan” (Yuningsih, 2013), 2) “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Éksposisi” (Dewi, 2014), jeung 3) “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Narasi” (Musodiq, 2016). Hasil tina panalungtikan saméméhna ngeunaan modél *Think-Talk-Write* (TTW) dina nulis laporan, téks éksposisi, jeung karangan narasi katitén éféktif jeung bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis. Dina panalungtikan saméméhna ngabahas ngeunaan modél pangajaran *Think-*

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Talk-Write dina ngaronjatkeun nulis rupa-rupa téks kabasaan. Béda jeung panalungtikan ayeuna nya éta leuwih kana sangkan siswa mampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*. Matéri dongéng sorangan kaasup kana wangun sastra nu miboga ciri husus sarta kamampuh nu béda jeung wangun basa.

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana masalah di luhur, panalungtikan nu judulna “Modél *Think-Talk-Write* (TTW) dina Pangajaran Nyusun Peta Konsép Dongéng Sasakala (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2017/2018)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dilakukeun di SMP Negeri 1 Bandung kelas VII.1 salaku kelas éksperimén. Data anu ditalungtik nya éta data hasil diajar siswa tina pratés jeung pascatés. Matéri pangajaran anu dipedar diwatesan dina matéri nyusun peta konsép dongéng sasakala ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.

Fokus masalah anu ditalungtik nya éta:

- 1) kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala: 1) proposisi, 2) hirarki, 3) hubungan silang, sarta 4) conto.
- 2) modél *Think-Talk-Write*: 1) néangan gagasan (*Think*), 2) ngadiskusikeun gagasan (*Talk*), jeung 3) nyusun peta konsép dongéng sasakala (*Write*).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung saméméh dilarapkeun modél *Think-Talk-Write*?
- 2) Kumaha kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung sabada dilarapkeun modél *Think-Talk-Write*?
- 3) Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakal siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada dilarapkeun modél *Think-Talk-Write*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan nu rék dihontal, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun nguji jeung ngukur modél *Think-Talk-Write* dina pangajaran nyusun peta konsép dongéng sasakala.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung saméméh diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*;
- 2) kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*; sarta
- 3) béda nu signifikan dina kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik jeung nu maca, boh sacara tioritis boh sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél *Think-Talk-Write* dina élmu métodologi pangajaran basa Sunda kana matéri nyusun peta konsép dongéng sasakala.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara husus mangpaat ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun siswa, dipiharep bisa ngaronjatkeun kaparigelan nyusun peta konsép dongéng sasakala sarta aya kamajuan dina diajarna;
- 2) pikeun guru, bisa meunang gambaran ngeunaan ngalarapkeun modél *Think-Talk-Write* dina nyusun peta konsép dongéng sasakala;

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- 3) pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh dina ngaronjatkeun kagiatan diajar.

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu tulisan nyoko kana lima bab.

Bab I Bubuka, eusina nya éta kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan, mangpaat, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan pustaka eusina medar tiori-tiori nu patalina jeung variabel nu aya dina ieu panalungtikan, nya éta tiori ngeunaan modél pangajaran, tiori ngeunaan modél *Think-Talk-Write*, tiori ngeunaan nyusun peta konsép, jeung tiori ngeunaan dongéng, medar kumaha panalungtikan saméméhna, kumaha kalungguhan tiorina, kumaha raraga mikir, sarta hipotésisna.

Bab III Méthode panalungtikan, eusina nya éta desain panalungtikan, subjek panalungtikan, sumber data, instrument panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina nya éta hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél *Think-Talk-Write* dina pangajarn nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2017/2018.

Bab V Kacindekan, implikasi jeung saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran.

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu